

Peche Bonbon

TRANSKRIPSYON FOKIS GWOUP PECHÈ BONBON

Dat Fokis Gwoup la fèt : 30 janvye 2018

PATISIPAN

<i>Lifette Ladouceur</i>	<i>Gason</i>	<i>35 ane</i>	<i>5 lapèch</i>	<i>5 3èm ane</i>
<i>Fondamantal</i>				
<i>Oindel Desius</i>	<i>Gason</i>	<i>40 ane</i>	<i>5 Lapèch, elvaj</i>	<i>20 9èm segondè</i>
<i>Jeanty Noble</i>	<i>Gason</i>	<i>63 ane</i>	<i>4 Lapèch, kiltivatè</i>	<i>17 6èm ane</i>
<i>fondamantal</i>				
<i>Joel Laguerre</i>	<i>Gason</i>	<i>48 ane</i>	<i>3 Lapèch</i>	<i>18 5èm ane</i>
<i>fondamantal</i>				
<i>Jean viknel Joseph</i>	<i>Gason</i>	<i>28 ane</i>	<i>1 Lapèch</i>	<i>26 6èm</i>
<i>fondamantal</i>				
<i>Blaise Jean</i>	<i>Gason</i>	<i>48 ane</i>	<i>6 Lapèch, kiltivatè</i>	<i>31 6èm</i>
<i>fondamantal</i>				
<i>Samuel Ladouceur</i>	<i>Gason</i>	<i>31 ane</i>	<i>3 Lapèch</i>	<i>41 7èm ane</i>
<i>fondamantal</i>				

TIM : Ok, ou vle'm kòmanse ee Gana ?

GANA : An nou te fè prezantasyon déjà ?

Natacha : Ou mèt pale wi.

Tim : M' te fè yon ti pale men...

Gana : An ok !!! nou di tout moun bonjou !

Piblik : Bonjou

Gana : Genyen ki te petèt abitye avèk vizaj mwen paske m'abitye vin la e nan travay avèk HEKS-EPER . Mwen rele Gana, mwen akonpanye de moun sa yo la, de patenè sa yo la a, se paske yo genyen yon ti étude ke y'ap fè, ke y'ap fè pou EPER ki konsène vi pechè, konsène sa ki yon pechè. Paske nòmalman si w'ap travay a yon pechè fòk ou ka konn kouman sa'k Lapèch la, fòk ou ka konn ki pwason ki genyen ,kisa ki pèch lan, kòman pechè viv etchetera ? Donk se pou'n kapab jwenn se nan kad enfòmasyon sa yo la ki fè nou reyini avèk pechè [yon gòj grate] pou ke nou kapab jwenn enfòmasyon nan men nou. Ok se pa yon bagay ki pwal di ke, ki pwometan savledi k'ap bay espwa k'ap di men sa nou pral fè non se pa sa ditou ! men se yon bagay sèlman si tout fwa n'ap travay avèk pechè oubyen nou pral gen pou'n travay avèk pechè fòk omwen nou konnen kisa ki pèch la ? Fòk o mwen nou gen yon ide de kouman yon pechè ap viv ? ok paske lè'w konn bagay la byen ou ka reyaji sou li, se nan sans sa nou pase poun kapab pran enfòmasyon avèk moun ki abitye pechè .

Eee m'ap chak moun pral pase pral prezante yo si yo pa fè sa pokofè sa déjà epi nou pral kòmanse poze moun de twa ti kesyon ki kapab pèmèt ke nou kab jwenn enfòmasyon nan men nou. Dakòò ?

Natacha : Bonswa tout moun !

Piblik : Bonswa !

Natacha : Non pa'm se Natacha, alò m'ap travay avèk yon òganizasyon ki rele SOCIO-DIG men ki afilye avèk TIM. Alò nou menm kisa nou fè ? nou fè ankèt epi rechèch sou nenpòt fenomèn kèlkeswa sal ye a epi nou fè ankèt sou li. Men jodi a nou vini isit nan bonbon e akonpanye de Gana ki se yonnn eee [Gana : yon anplwaye HEKS-EPER] yon anplwaye HEKS-EPER alò se HEKS-EPER [Gòj grate] ki fè nou vin fè travay sa pou li,

alò jodi a nou reprezante HEKS-EPER nan bonbon e'm di nou mèsi anpil pou ti tan nap akòde nou an, alò m'ap pase nou Tim... kap pale l'ap ba nou plis enfòmasyon.

Tim : Mwen di bonswa !

Piblik : Bonswa !

Tim : Pa gen anpil bagay pou ajoute men pou repete pou moun ki pat isit anvan, sa nou fè ? nou fè yon rapo lèfini, pou nou ka esplike ak.. ak gwo patwon, gran patwon de HEKS-EPER [Patsian : se sa] de.. de HEKS-EPER kijan pechè lamè fonksyone nan zòn? ki pwoblèm yo genyen ? ki avantaj yo genyen? kijan yo wè sis ee sistèm? Epi nou fè yon rapò. Men Nou pap di kiyès k'ap pale ou mèt di sa ou vle avèk nou, nou pap janm di yon moun entèl di sa. N'ap di'l... moun Bomòn yo gen opinyon sa, n'ap esplike nou ka... men yon gason ki gen senk timoun ki gen 53 zan kap lite la, li di sa. Men nou pap di se entèl pou yon moun pa vin di poukisa w'ap pale konsa ? ou konprann sa m'ap di a ?

Natacha : Epi chak moun gen yon nimewo, depi w'ap pale'w pa bezwen site non'w jis di nimewo ki nan men'w nan. M'se nimewo 17 men sa'm di... m'se nimewo 18 men sa'm di... san ke'w pa bezwen site non'w konprann ? Men toujou sonje site nimewo a pou yo ka idantifye kiyès k'ap pale ?

TIM : Kounya kesyon n'ap poze nou yo senp kòmsi n'ap kòmanse a ki kalite pwason nou plis konn kenbe nan zòn nan ? W'ap pale kounya di nou... !

#5 : Eeee m'se nimewo senk, ee... plis kalite pwason'm konn kenbe nan zòn ee pou bonbon, eee prèske nou kenbee tout kalite pwason ki genyen, men a lèd nou manke materyèl tou pou nou plis eee... mete plis ee pwason atè. Savledi ke nan materyèl ke nou manke yo, nou manke premyèman DCP, dezyèmman chaloup a motè, twazyèmman ee lim ee zen. Savledi ke gen yon lòt bagay nou vin manke tou, ki trè zenpòtan pou nou menm pechè, ke n'ap soufri anpil nou poko genyen'l ,nou pa genyen'l ke nou menm nou konn al kenbe tout kalite tip pwason soti nan piti pou rive nan gwo. Men savledi ke pwason sa li menm ee nou paka konsèv'l. Lè yo vann machann yo la a, machann yo konn pran yo ale nan mache lokal e Jeremi yo gaspiye, yo vin pouri akoz pa gen chanm fwad, savledi ke akoz de chanm fwad nou pa genyen, pwason sa yo vin gaspiye, savledi ke nou vin pèdi anpil pwason nan kondisyon sa a, se sa'k pèmèt tou, nou menm pechè nou pa pwosperite anyen nan afè lapèch bonbon.

Rezon n'ap espluate pèch la byen lwen, lè nou vini nou vini nan nwit, lè sa a pwason an li menm li sanse gaspiye, machann yo menm achte'l, kredi, lè pou yo ta ba'w lajan an yo pa bawou'l, yo baw pa degouden lè sa a, ou soti ke pa fè okenn ekonomi avèk lajan sa a. Rezon an tou ki fè ni pitit pechè a, ni madanm pechè a ap mal manje ap mal dòmi.

TIM : Men èske w'ap di'm kee... ke lapèch li gen mwens enpòtans ke lòt bagay kòmsi ke jaden li osi?

#5: Bon lapèch isi pou isi bonbon e lapèch ki kenbe komin bonbon, e li nou plis kiltive tou dabò. Anpil pechè fè jaden men savledi ke espwa pechè yo plis sou lapèch, savledi ke son'w komin si lanmè a move komin nan ee pa gen aktivite, pa gen okenn anyen k'ap mache anndan komin nan.

Gana: Ba nou non kèk pwason ke nou konn twouve nan komin nan paske'w di nou konn peche anpil pwason [#5: ok], tout kalite pwason, men ki kalite ke yo ye?

#5: Premyèman balarou, e bonit, dorad, taza, bekin, pwason woz, ee boutou, ti pwason piti ki rele sadin, ee oma, lanbi, konn, sad, ee pwason ankò.

Gana: Pa gen lòt nou ka ajoute? Pa gen lòt ki t'ap.. e sèl pwason sa yo pa gen lòt nou wè'l pa ajoute?

#16: Anfèt ee nou Gen yon lòt pwason ki rele chatwouj pafwa gen [Gana: ki nimewo'w?] Mwen m'se 16, gen yon lòt pwason toujou yo itilize tou, pwason yo konn kenbe gwo pwason ke yo rele malswen tout sa yo ki enkli ladan yo .

Tim: Malswen?

#16: Wi!

Tim: Yo konn kenbe yo?

#16: Wi! Yo konn kenbe yo!

Tim: Kisa yo fè avèk yo?

#16: Savledi yo konn vare'l, yo vare'l avèk fwenn, lè'l vin vare...

[piblik pale]

Tim: Kijan yo kenbe'l?

#16: Yo avèk, yo fwennen'l ak fwenn.

Tim: An ok!

Natacha: Son'w gwo pwason'l ye ebyen?

#16: [piblik: gwo pwason] son'w gwo pwason. Sa'k konn ap tchoup... tchoup... [piblik rii] sa konn ap kouri dèyè moun.

Tim: Yo fwennen yo?

Gana: Genlè se ee ...

#5 : Yon sòt de rapon.

Gana : Yon dofén .

[piblik pale]

Tim : Kounye a èske'w seche yo ? ou seche vyann nan?

#16 : Non ! m'sizonnen'l, bouyi'l !

Tim : Ou manje'l fre ? yo di pwason sa gen anpil grès ?

#5 : Li menmjan [#16 : konsa'l gou tou wi frèm !], li prepare menmjan avèk pwason ke n'ap kenbe natirèl la bon bagay! Ou fin okipe'l epi bagay nòmal. Li bon anpil!! Lè'l ganpil grès se moun ki ap mal okipe'l ki pat konn enpòtans li a lepòk lontan, sou granmoun lontan, men kounya tout jèn vin byen prepare pwason sa epi nòmal.

[Piblik ap diskite...]

Tim : E bekin yo pa fè yo malad ?

#5: Non non non, isi Bekin isi pa kwiv, isi bekin isi orijinal, natirèl nòmalman.

Tim : Nou pat janm gen yon moun isi ki malad

#5 : Ditou ! Savledi ke gen lòt pechè ki soti nan vwayaj, ki kapab vini avèk bekin nan pa bò isi, machann isi gendwa achte'l san pa konnen epi apre sa yo gendwa al manje'l yo ka fè yo malad men depim pechè isi m'poko wè sa fèt ditou, nou menm pa bò isi ee pa gen sèk ekip bekin pa bò isi yo, eee yo konn di e nan sèk yo al kiltive e yo kive, isi nou pa gen sèk nou menm nou gen fon.

Tim : Ok sa se #5 !

Gana : sèk la m' pa twò konprann sèk la non !

#31 : Savledi sèk la men sa'l ye, se tankou... [Gana : ki nimewo'w ?] 13, 31 [Gana : 31] se tankou sèk la men sa'l ye ... Se tankou lè'w ansdeno ou pa konn wè lè'w ansdeno ? Lè'w pral pran ansdeno ou konn wè lwen chaloup k'ap soti avèk twal anndan kanal la, savledi sa son'w kote ki plat tankou menmjan avèk bò isi a, men savledi isi li menm pa gen sèk sa a ! savledi nan lye pandan'l ansdeno a li pi chè avèk chaloup la ,li toujou sou sèk noumenm nou pa genyen'l, savledi nan sèk sa yo tou jwenn kwiv yo ladan savledi kwiv la...

Gana : Savledi nan sèk la se yon kote ki toujou plat ?

#31 : plat ! plat ! plat !

Natacha : Men èske nou menm nou ka fè sèk la pou kont nou?

[Piblik pale]

Gana : Alò son kote son zòn ki plat nan lanmè ?

#31 : Savledi son zòn chak zòn yo gen... gen kontwol pa yo

Tim : nan sèk li pa fon ?

#31 : li pa fon ! li pa fon li ka.. 20 bwas yon kod, 4 bwas ,8 bwas, selon kote'w tonbe ladan'l, kote'w rive nan kannòt la w'ap gade tout anba lanmè a ladan'l, men anndan kannal ou pa wè tè. [Gòj grate]

Gana : Savledi kote nou peche yo yo bon an se lè li se kote ki fon anpil ? depi nou pechè se kote ki sou anlè nou ka gade dlo a n'ap gade yo anba savledi yo pa bon ?

#31 : Savledi se pa bon yo pa bon non !

Gana : Yo konn gen kwiv ?

Tim : Kote li pa fon li kwiv ?

Gana : Men ee m'ta renmen nou di nou ki pwason yo plis pèche bò isit la ?

#31 : Pwason nou plis pèche se balawo, dorad, bèlan

Tim : Sa se pwason nou kenbe souu... nan DCP ?

#31 : nan DCP

Tim : Ou pa.. èske'w kenbe yo lòt kote ?

#31: Non, non! e gen lè lòt ou ka kenbe lòt kote tankou gen bagay fich nou konn plis itilize ki rele boul savledi nou gen yon kantite layilòn nou mete nan chak fo yo epi'w pran yon... sa di w'ap lage boul w'ap simen nan lanmè a, aprè'w ka kenbe pwason sa yo konsa apa de DCP si pata gen DCP.

Tim: Men boul se komsi yon yon...?

#31: Yon pwason vwayajè k'ap pase. Se kòmsi menmjan avèk DCP a ye li ye, men vrèman pèch la e DCP a, ou dwe gen DCP a e DCP a ki fè'w kenbe plis pwason.

Tim: Ok premye fwa ou te gen yon DCP kilè li te ye?

#31: Eee non! Li te vin pèdi.

Gana : Ki premye fwa nou te gen DCP ?

#31 : Premye fwa e teee PADI ki te ban'm on DCP.

Tim : Nan ki ane ou sonje ? li ka gen di zan ?

#17 : An 2019

[Piblik diskite]

#17 : PADI te bay yon DCP [Gana : Ki nimewo'w papa ?] 17 [Gana : 17 ok] PADI te bay yon DCP ?

Tim : [piblik pale] nou pap ka tandé mesye si nou pale twò fò.

#17 : PADI te bay yon DCP nan 2016

Gana : 2016 ? ane dènye ?

Tim : Premye fwa ? [Gana : 2016 ane dènye, piblik pale] m'konnen, premye fwa se 2010, sa se premye fwa nou te gen DCP ?

#17 : Premye DCP ou te genyen se pa an an... ?

#5 : Se li ki premye DCP nou te genyen wi papa sa w'ap di a. an 2009 an 2009

#17: 2009 li te ye PADI te bann yon DCP 2009.

Tim : men anvan sa ki pèch ki te pi enpotan ?

#5 : Ki pèch ki te pi enpòtan ? ee #5, ki pèch ki te pi enpòtan pou noumenm san'n potko gen DCP ? ee nou konn ale nan kanal ee avèk bato a vwal, ee n'ale kote byen lwen, n'al espligate pèch la byen lwen. Nou konn jwenn dorad, melan, bous, karannton, reken, dòmèz.

Tim : Ou kenbe yo menmjan ou kenbe nan DCP ?

#5: Dirèkteman,

[Tim : ok]

#5 : Savledi ou kenbe yo menmjan avèk lè'w te nan DCP, savledi ke men lè sa se nan kalmi. E yo rele kalmi sa yo kòman ? ee kalmi natirèl. Savledi ke sa son'w pay kap pase, men savledi ke lè sa tou, si kannal lan vin pat bon nou alepòk lontan lè sa n'al fè pèch granfon pwason woz, pèch jofì tou, lage bresou dlo avèk yon pèch kounye a nou vin envante pa bò isi ki rele pèch boul [gen yon moun ki krate gòj] sou dlo. Savledi ke lè sa nou pran balawou, nou pran ee ee dorad nou pran bèlan, nou pran tout kalite pwason reken.

Tim : Mpa fin konprann boul

Gana: konman nou pwatike pèch dlo se sa'm ta pwal mande la tou kòman nou pwatike pèch boul wi] Piblik :

Tim : Ok

20 : Nou fe pèch nas tou nas !

Tim : Avèk nas?

Piblik: wi !

#20: Nimewo 20

Tim:20 Kisa ankò ?

Gana: Nan peryòd ki gen plis pwason?

#17: Nan mwa'd mas nan mwa'd mas [Gana hmm...] mwa'd mas! Depiw pran mas la la wap jwenn anpil pwason

Tim : Wi ou tou lage'l !

Patisipan : Wi depi'w fin met nas la nan zen an la epil gon'w kote li take pou'l pa defini pou'l byen pran. Lè pwason an e pwason an ki file poukòl apre lè'l fin dewoule gon'w kote li rive nan dènye bout li apre ou wè'l kanpe konsa. Alo sil pa koule si pwason an pa gwo pou'l koule'l, apre'w pran boul la ou retire pwason an.

Tim : Si li koule'l w'ap tou pèdi ... ?

31 : Non! li ka souve pwason an gendwa vin febli nan plak boul la ou paka sipote'l nan pwent lan

#15 : Ou kab pèdi lim lan nèt paske ou gendwa levon kote 15, ou gendwa levon kote pa ekzanp li pa leve prew, nan zòn nan l' leve a yon lòt pechè kap pechè sou li

Natacha : Men èske gen lòt pechè ki konn pechè nan lòt zòn vin peche bò isit ?

Piblik: Wi!

Natacha: Nou menm tou, nou konn al nan lòt zòn tou?

#15 : Wi !

Natacha : Men lè nou pa jwenn la ki fè n'ale oubyen menmke'n gen la n' toujou ale ?

#15 : Lè'n pa jwenn la, depi'n pa jwenn la, na'l nan zòn ki genyen

Natacha : Men lè nou peche konsa kiyès ki vann pwason sa yo pou nou kòman nou vann li ?

#15 : Machann [Natacha : hm hmm !] nou gen machann !

Natacha : Nou pote yo nan mache ? Oubyen machann nan menm ki vin pranl nan men nou la a?

#15 : Machann nan vini pranl nan men nou, kounya machann nan li menm li gendwa peye yon moto mennen'l nan mache [Natacha : ok] pou al vann

Natacha : Men madanm nou pa vann pwason pou nou ?

Patisipan : Wii ! [piblik : wi] gen pechè ki gen madanm ki disponib [Natacha: hm hm!] ki konn vann ki madanm li, li vin pran pwason bagay sa yo li vann. Gen lòt moun tankou kiii ki pa gen madanm, menmlè l' gen madanm madanm nan pa vann pa konn vann pwason, li gendwa chwazi yon machann pou vann pou li.

Tim: Men an jeneral se fami'w ? Se yon sè'w ? madam ou ? manman'w ? sè'w ? ptit ou ki vann pwason pou nou ?

#5 : Non non ! savledi ke gen de kalite eee kòman m' te ka di ? De kalite sistèm pechè kap viv. [Gòj grate] rezon ee pechè a li menm li gen dwa gen madanm li, see l'al kenbe pwason an se madanm li ki utilize pwason sa k'al vann li nan mache. Men, konsa tou yon pechè gendwa vini madanm li pa konn vann pwason, li vann yon lòt machann li, machann nan pran l' li peyel epi machann nan al revann li.

Tim : Pechè ki vann avèk li ? oubyen madanm li?

#5: Wi wi pechè konn vann! Mwen menm m'se youn nan pechè ki konn vann ! Savledi m' gendwa kenbe pwason an la m' kaptire'l m'wè konbyen'l ka vann ?

Tim: E madanm ou li pa..

[#5 : madanm mwen pa fè sa]

Tim : Pa fache pou'l revann avèk yoo ?

#5 : Non madanm mwen pa konn vann pwason !

Tim : Li jis pa vann ?

#5 : Ditou !

Tim : Men èske'w vann ? Ok ou jis vann a kenpòt fi ki gen lajan ?

#5: A nenpòt machann, savledi ke tout machann ta dwe viv pou yo fè degouden yo ke si w'ap vann yon pòsyon, ou pa vann lòt la y'ap plenyen! Y'ap di e machann yo ye, bagay yo pa jwenn. Ou menm fò'w vann tout kalite machann. Jodi a la m'gendwa vini m'vann yon machann, demen si dye ve lè'm vini ankò m'vann yon lòt machann.

Tim : Ou konn bay kredi ?

#5 : Wi wi ! e kredi y'achte yo pa gen lajan nan men yo non. Pou yal revann lè yo fin vann yo pot lajan ba ou. Gende pafwa yo vann li kredi jeremi, lajan gendwa fè nenpòt 8 jou, 10 jou yo pokò ka baw lajan. Move lavant, youn pa gen lajan.

Gon'w lòt bagay toujou ee m' te tandé w' te di, ee nan ki peryòd yo kenbe pwason? Ee bon pa bò isi m' mèt di nou pa gen peryòd, sèlman peryòd nou pa kenbe pwason an sèl lèee lè lanmè a move le nòde. Savledi ke a lèd de DCP nou vin genyen kee nan DCP yo prèske m'mèt diw nou vin pa gen lè, nou toujou konsève pwason yo sou DCP a nenpòt kilè y'ale yo kab jwenn li pi fasil. Sèl lè nòde nou pa gen aktivite pwason.

Tim : Kou nou pèdi yo, nou pa gen DCP kounya a ?

#5 : Eee m' gen youn kounya a, apèn genyen'l men, apèn li ka gon'w mwa nan dlo, yo te fè nou kad'l. Savledi ke nou menm yon gress DCP paka kontante popilasyon an bonbon. Ee Nou vin toujou gen yon devèn nou menm, chak gress DCP nou genyen epi apre sa li fè lanmè l'ale.

Tim : Èske kenpòt moun ka ale lè yo vle pechè sou DCP ?

#5 : Wi wi !

Tim : Ou pa bezwen mande pèmisyon oubyen di moun.. ?

#5 : Savledi ke w' konnen w' gen yon pouvantaj pou peye, si DCP a ale nòmalman yo ka jwenn pou achte lòt.

Natacha : Leta nou peye lè konsa ?

#5 : Non peye yon òganizasyon asosiyasyon ki se APLB

Tim : Eee Leta yo pa pran taks sou nou ?

#5 : Non ! pa bò isi leta pa pran taks sou nou non, lè fini ee yo pa pran.

Tim : Èske yon konn fè ee edew ? [#5: wii] Leta yo konn fe sèvis pou ou

#5: Bon pa si tèlman ! e Food for the Poor ki konn ede nou avèk PADI

Tim: Food for the poor ki plis ede nou?

#5: Wi avèk PADI

Tim: Ok! Banm poze lòt kesyon, pou lòt moun, ki strateji nou genyen? Kòmsi ou gentan pale de DCP, ou pale de ee, kòman rele lòt bagay la ?

Gana : PADI.

Tim : Wi kisa gen ankò apre sa ?

#20 : Nas,

Tim: ok ou pale de nas ?

Gana : ki nimewo w' ? #20

Tim: 20! Kisa ankò?

#20: Filè.

Gana: Hmm!

Tim: Filè.

#20: Senn

Tim: Konbyen senn nou gen isi?

#20: Yon sèl

Tim: Yon sèl?

#20: Wi

Tim: Ou ale sou plaj lan?

#20 : Wi !

Tim : Eee nou pa gen konpresyon ?

Piblik : Non, non nou pa.. nou pa gen bagay sa yo isit. Sa yo detwi lanmè. Menm sechrès nou pa gen bagay sa. Nou pa vlel non !

Tim : li detwi lamè ?

Piblik : wi wi yo rafine. Yo gate fon gen gen gen... li gate fon

Tim: Konprese wi! Nou ka plonje?

Piblik: Wi, li gate fon.

Tim: li gate fon?

Piblik : wi pa genyen, li gate fon an!

#31: Savledi konpresè a li menm, [Gana: #31] #31, savledi konpresè a li menm e lanbi li pratike kenbe. Tankou Lè'w wè'w wè konpresè a yo pati motè a anlè a, moun nan anba lanmè a avèk en konpresè a n'ap ranmase lanbi, [Tim : Enhen!] [Gòj grate] nan demen si yo mèt tann filè anba lanmè a ou paka pran yon grenn lanbi non !

Tim : Tout, tout, tout, tout pwason ale ?

#31 : wi.

Tim : yo kouri ?

#31 : Wi ou paka jwenn anyen nan fon an ankò non ! Savledi kote'l pase a, zèb pa pouse anba lanmè a la.

Tim : Menm zèb pa pouse ; [Piblik ri]

#17 : Konpresè a e detwi...

#31 : Savledi li mèt te pou nou, nou pap sèvi avè'l pa bò isi a.

Tim : Men'w gen moun ki plonje ?

#31: Wi !

Natacha: Èske gen limit sou lanmè a kote pou'n peche kote pou'n pa... pou'n paka peche ?

piblik : nou pa gen limit.

Natacha : nou pa gen limit ?

Tim : Ou ka peche tout kote'w vle ?

Piblik : kèlkeswa kote nou vle !

#5 : Sèlman nan peyi etranje nou genlè pakab travèse tè a pou nal peche, men depi e sou bout kòt ayiti a nou pa gen limit.

Gana : Nou konn al peche sou zòn wozo ? sou Gomye ?

#5 : Wi wi ! Testas, wozo...

#17: Mwen menm #17 mkonn al peche m'konn fe nenpot 5 jou ap tire wozo tire paswa anba lanmè.

Piblik: jiska kayimit menm!

Natacha : Nou peche zangi tou bò isit?

Piblik : Wiiii !

Tim : Anpil ?

#5 : zangi?

#5 : wi zangi

#5 : Wi anpil anpil ! gende pafwa li ede popilasyon an li ede jèn yo e posib tou ki pral lekòl yo, paran yo ee, bon akoz de zangi a tou paran yo kòman on tijan koman m'te kapab di sa ? yo vin, jèn yo vin amelyore vi yo tou, eee pou paran yo, yo te gendwa mande paran yo de twa senkann goud, pou le moman yo fè'l tou paran yo gendwa regle lòt aktivite ak kòb la.

Tim : Timoun yo menm ki peche pou zangi ?

#5: *Gen timoun, gramoun tout kalite moun! Mwen menm tout nèt! An jeneral!*

Natacha: Èske nou jwenn zangi an tout tan [#5: wi ee] oubyenl gen epòk li?

#5: *Wi ee li gen epòk li!*

Piblik: Pandan lalin klè a la a...

#5 : *Pandan lalin klè a la nou pa jwenn li.*

Natacha : Ok pa genyen [#5 : li gen epòk li dirèk] men lè gen zangi gen pwason ? gen toulède ? oubyen lè konn gen youn pa gen lòt ?

#20 : *Gen tout ala fwa .*

[#5 : tout nèt ! tout pwason an]

#5 : *Savedi ke gen de pafwa gen zangi la, m'pa al ladan m'al nan pwason [Natacha : ok] savedi ke m'kwè nan pwason an ke zangi a. m paka pèdi nwit lan.*

Natacha : Sa konn rive ou tann filè w' pa jwenn anyen ? Sa poko janm rive ?

#5 : *Filè ?*

Natacha : nas, nas, nou konn pajwenn anyen ?

#5 : *wi wi ou konn tann yo w' pa jwenn anyen.*

Gana : Ant zangi avèk pwason, kiyès ki pi rantab pou nou ?

#5 : *Pwason an .*

[piblik ap pale]

Gana: Pwason an pi rantab pou nou?

#5 : *Wi*

Tim : Woma ? Nou pa konn peche Woma isi ?

#17 oh anpil..

#5: Wi wi, pandan m'ap di'w sa tou #5 e lapèch la ki kenbe komin bonbon ! depi ke pa gen lapèch bonbon epi lamè a move pa gen aktivite.

Natacha: Men apa de lapèch la, nou fè jaden nou fè elvaj?

#5 : Dirèkteman !

Tim : Èski tout moun kòmsi ee ou menm ou fè, ou gen jaden?

#17 : Wi'm gen jaden

Tim : Ou gen kabrit ? sa se 17 ou gen kabrit ?

#17 : M' paka paka gen kabrit ! m' gen kabrit tou !

[piblik ri,ri....]

#17 Ò ! bon se andeyò m'ye mpaka pa gen kabrit.

Tim: Ou gen kochon?

#17 : M' pa gen kochon, men m'gen kabrit.

Tim: E ou menm 15 ou genyen?

#15 : M' gen kabrit [Natacha, Tim : ou gen jaden ?] m' gen jaden

Tim : E ou menm 31 ?

#31 : 31 m' pa gen kabrit, m' gen jaden

[Piblik ap ri]

Tim: Ou gen jaden? Kisa'w plis plante nan jaden?

#31: Manyòk, kann, bannann, e yo m' plante poban!

Tim: E ou menm 18? Ou gen jaden ?

#18: Wi! M' plante manyòk, kann, bannann...

Tim : ou gen kabrit ?

#18 : patat m' gen kabrit.

Tim : Ou gen bèf? gen moun ki gen bèf ist ?

#18: Wi m' gen bèf

#31: wi m' gen bèf, bèf la m'genyen, m'pa gen kabrit.

[Natacha ri]

Tim: E ou menm? Ou gen jaden?

#16: M pa gen, non aktyèlman m'pa gen la menm anyen!

Tim : Ou pa gen, men'w gen kabrit ?

#16 : M' pa gen kabrit.

Tim : Sèlman lapèch ou fè ?

#16 : Sèlman lapèch a filè [Tim : filè ?] filè.

Tim : Ki nimewo w' ? 16 ?

#16 : 16, 16.

#16 : kabrit la yo mte genyen a yo mouri.

Tim : Epi ou menm se 19 ?

#19 : M' gen kabrit, m' gen kochon, m'gen jaden.

Tim: Ou gen bèf?

#19: Non m'pa gen bèf.

Tim: ou pa gen bèf?.

Natacha: Apre sa w'fè lapèch?

#19: Wi m'peche [Patisipan: pòt la pa ouvè?]

Tim : E ou menm 20 ?

#20 : M'gen jaden, m'gen kabrit, m gen poul.

#19: lè fini nou chaje poul.

Tim : Ou gentan di 'm ou gen jaden ?

#18 : m'apèn pral travay la !

Tim : Sa'k pi enpòtan bò isit ? Jaden oubyen lapèch?

Piblik: Lapèch!

Tim: m'gentan poze kesyon an.

Natacha: Lapèch la pi rapòte nou ke jaden an?

Piblik : Oh ! non tou lede ! [Patisipan : jaden an enpòtan tou! Piblik pale]

#5: Eskize wi ! eskize gon'w lòt, gòn lòt bagay tou fòk nou ka eseye konprann, jaden an enpòtan! Men vrèman sa ki kenbe komin nan se Lapèch la. Rezon an nenpòt aktivite k'ap fèt anndan komin nan la san pechè yo, okenn bisniz pa mache. E pechè yo ki pou achte, e yo kap fè kòb !

Natacha : Kiyès ki konn avèti nou ? Lè lanmè a pa bon pou nou pa al peche, kiyès ki konn avèti nou ?

#5 : Bon moun ki konn avèti nou pi fasilman li rele.. DIGICEL sèl moun ki gen telefòn. Avèk moun ki gen radyo lakay li, li fè nouvèl li tandé. Avèk si l'gen moun de lòt

kote ki relel yo di l' ke lanmè a pa bon avèk lèè pafwa [Gòj grata] konsa m' tandé gen pwoteksyon sivil, pafwa ! e lè malè a fin vanse rive e lè a y'ap di nou tèl jan tèl bagay ! Men a koz de telefòn nan, akoz de radyo tou ; dènyeman la a akoz nou al gadon'w match aprè yon fim dirand la nwi aprè yo make nan televizyon yo di ke pa monte lamè ! lamè a pral ajite ! e vrèman nan demen sidye ve sa fèt vrèman ! lamè a moun patka montel vrèman. Li vole [Natacha hm hm] dèyè a la dlo a vin koule jis la [Tim : woww !] [Natacha : hm hm !] lamè a tèlman l'te dwòl .

Tim : Sa yo rele nòdès ?

Patisipan : Nòde, yo rele sa admari. Wi ! admari lanmè a fwape admari. Lanmè a te moute wo !

Tim : Banm tounen sou zangi ! èske w' konn gen ? nou te eee abriko yo di nou konn gen anpil moun andeyo k'ap vin peche zangi ? Nou gen sa isit tou ?

[Piblik : wi]

#5: Abriko paka gen moun pase'n ki kenbe zangi ke bonbon ki sòti nan seksyon kominal la tout kote vin kenbe zangi bonbon [Tim : evre ?] dirant lanwit sou pè moun ou pap antre la avèk flach, foul moun, oh anpil anpil !!

#31 : [Tim : wi] ee moun en seksyon an pi kenbe zangi a ke moun komin nan, yo menm depi yo antre nan lanmè a yo pa sòti, yo pap sòti pou ou..

Natacha: men se lannwit pou nou jwenn li, lajounen l'pa la?

[piblik : wi lanwit]

#31 : Wi lanwit pouw jwenn li depi sizè, sizè edmi tout moun nan dlo a.

Natacha : Talè a nou tap pale de pwason ki kwive, tankou kisak rann pwason an konsa ?

#31 : Savledi son'w zèb ki gen anba lanmè a [Natacha : ok] savledi li pa bezwen manje'l, savledi l'pase.. kotel li kive [Natacha : ok] savledi son'w zèb li ye, depil li pase pre'l, li pase sou li li kive .

Natacha : ok, men m'panse se te fò'l manje epi kwiv

Piblik : Fè tou ! si'l manje'l l'ap touye'l wi !

#5 : Si pwason an manje ee fèy la, l'ap mouri menm moman !

Natacha : An li menm li ka annik pase sèlman kote l'sèlman li kontamine'l epi ou menm lè w' manje'l epi efè sa fèt sou ou ?

#5 : Egzateman ! Depi li frotel selman...

#31 : Epi bekin ki kive a tou depi w' wèl' ou wè li a kive. De je'l wouuu!

Natacha: ok.

#31 : wouj wouj wouj!

#5: Deka, #5 karann nan kive tou. Gen pwason an k' kive, ou kapab antanke pechè ki vrèman konprann pwason an ki kapab konnen lè pwason an kive. Tankou pou bekin nan ou gendwa annik kapab pran l' ou pran tikal ladan ou mete l' nan bouch ou, aprè sa w'ap santi yon kramp mache nan bouch ou w'ap we l' kive depi sou la pou w' pa vann moun li. Men konsa tou gen pechè ki gen movez fwa, li konnen l' kive li pa jete l' li vann li epi pou moun pran ladan l'. Men noumenm nou pa sèvi a pwason sa yo pa bò isit.

Natacha: Ki enkonvenyan nou jwenn nan pèch pa bò isit?

#5: Eee, bon yon lòt moun nou mèt eee reponn kesyon sa !

#31: Nou pa jwenn okenn enkonvenyan, pou nou ta jwenn e ta sèlman si lanmè a move [natacha : ok] sil pa move nou pa jwenn enkonvenyan.

Natacha : Men se lè nou peche , nou peche pwason an, lè n' panse machann ap vini pwason an ret nan men nou sa n'fò avel »

#31 : Non non non non ! li paka ret nan men nou, pwason an depi nou kenbe'l, menmsi machann nan pa vini, pechè a li menm swa'l pran bokit li sale pwason an.

Natacha : Èske sa pa konn rive'l twòp nan men nou ? [piblik : non !] si 'w genyen, sa genyen, sa genyen, kounya anpil pwason [piblik : Non] men nou toujou vann li ?

#31 : Nou toujou vann li ?

#31 : Nou toujou vann li, li vann kredi men nou toujou vann li.

#5 : Machann nan gendwa al nan mache avèl ke'l pa fè lavant pou l'fè a, pwason an sanse vin gaspiye ke'l tounen avèl, li vin sale'l, li mete'l nan sèl. Si gen lapli gen move tan li gendwa paka pase'l solèy li pa gen yon sòt de konsèvasyon pou'l konsève'l li pa glas.

Natacha : Anh nou pa gen frizè ?

Tim : Pa gen chanm fwad ?

Natacha: Pa gen chanm fwad?

Piblik :Non nou pa gen chanm fwad.

#5: non!

Natacha: Men ki avantaj machann nan gen tankou bò kote w' tankou machann nan pran pwason an nan men'w kredi la l' nan mache, le' l rive li menm li fè defisi ? kòmsi koman' w konsidere sa ?

#5 : Eee pandan m'ap di w' sa tou se pa tout tan tou depi machann nan fè defisi li di w' li fè defisi, ou menm antanke pechè , si w' te vann li pwason an pou 3 goud nòmalman ou retire ee 250 goud pou li. Savledi ke e konsa tou li menm lè' l fè benefis ee lè 'l vini li vini an bon inyon [Natacha : ok] lè sa w' gentan wè tou li fè benefis ...

#6 : [Natacha : hm hm !] Tankou yo, lè gen pafwa yo konn achte anpil pwason, yo gen anpil pwason jeremi, kounya yale avèk yon grand kantite defwa move lavant sou yo, yo pa fè yo pa fè lavant yo pa vann savledi ke lè pwason sa yo vin gate nan men yo si pa egzanp yo te gonw konsev, on bagay yo konseve pwason an avèk sa talè pwason an yo tap gentan kite yon valè nan konsèv la, kounya menm sa yo fin vann nan aprè yo ta retounen. Men gen dèfwa pwason an gate sou yo, machann nan fin achte chè, y'achte

chè yo vini e sale yo sale, pwason yo konn bacha kòm moun fondèblan yo rele bacha [piblik ri] yo konn gate sou yo, oblige ou menm ki pechè a ki vann machann nan oblige gon'w dèle pou w'bali kounya pou l'baw ti kòb la gen defwa li pa fè ditou ou oblige paka di'l anyen.

Natacha : Men tankou nou menm, nou sèlman vann pwason ki frèch ? Men èske nou menm nou sale pwason an tou ?

Piblik : Wè pafwa nou genyen nou sale [plis pale]

Natacha : Nou menm ki fè'l pou kont nou oubyen madanm nou ?

#6 : Non, machann yo !

Natacha : Machann yo ! men nou menm nou pa sale ?

#6 : Tankou si m'gen madanm ak pwason an, madanm mwen sale. Lòt gen madanm li ki konn sale.

Natacha: Men tankou lè w'vann frèch avèk sale yo, ki kote ki gen plis avantaj ant de yo sèch oubyen frèch?

Piblik: Frèch la, frèch la [frèch la gen plis avantaj]

Tim : Li vann pi chè ?

#6 : Wi!

Tim : Èske nou pa konn al pòwoprens pote lòt pwason? Oubyen madanm ou?

#5 : Non se machann kiii, machann nan, sa son'w machann li gendwa dispoze pou la'l pòtoprens lè gon'w bagay ke yo di'w lè karèm nan planifye nan semèn sent, li gendwa achte pwason li konsève'l mete yo sèch lè sa pwason sa vin an gwo nan men'l epi la'l vann li pòtoprens, e konsa men nou menm pechè nou pa konn ale.

Tim : Èske nou pa, nou pa konn vann avèk restoran jeremi ?

#5 : Pafwa !

#6 : Pafwa moun ki al... moun ki ale pòtoprens avèk pwason ee frèch, e tankou ajans. Ajans lan gendwa jodi a la 'l vin achte pwason an li gen bagay pou'l konsève glas, li gendwa achte yon kantite pwason li pa al vann li jeremi lal vann li pòtoprens men, apre tankou nou menm nou pa gon'w konsèv poun konsève pwason an poun al vann li pòtoprens e sa'k fè se seche pou'n seche'l pou'n ta al vann li pòtoprens.

Tim : dakò.

#5: Ou di on pawòl afè ee moun restoran !

Tim: hm hm moun restoran...

#5: Pa bò isit si e te lontan ou toujou jwenn yon grenn moun ki gen restoran jeremi pafwa vin achte men, nan mache jeremi nou menm pa bò isi machann yo achte pwason an y'al vann moun sa yo tounen toujou pran pwason an jeremi.

Natacha: Ok. men nou tout ki la nou nan... nou nan asosiyasyon?

Piblik : Wi !

Natacha : Ok èske anndan asosiyasyon an gen yon asirans si tankou sou lanmè a ta gon'w malè ki rive nou pandan nap peche , èske yo asire nou nan asosiyasyon nou ye an ?

#5 : Non ! nou pa gen asirans.

Natacha : Donk, kèlkeswa sa'k rive se pou pwòp tèt nou ankò ?

Piblik : Pwòp tèt nou !

Tim : M' gen anpil kèk ti kesyon ankò epi nou fini, ekote nou achte materyo? Komsli liy?
Ok Nou gen yon boutik isit machann yo konn vann? [Piblik: non]

#5 : Lè nou bezwen pòtoprens oubyen jeremi nou voye achte lim oubyen zen. Isi pa gen lim.

Tim : Si ta gen yon entèvansyon nan zòn, kiyès, nan kisa'w tap plis renmen ? Si yo t'ap ede'w avèk bèt yo? Avèk jaden? Avèk lapèch? Ou ka chwazi yon sèl !

#20: *Lapèch n'ap chwazi, Lapèch !*

Tim : Nou t'ap chwazi Lapèch ? 18 ou tap di ede'm avèk jaden ?

Natacha : Elvaj, jaden oubyen Lapèch ?

#31 : *Mwen m' t'ap chwazi, m' t'ap chwazi kiltivatè! Paske Lapèch la gen lè '[yon moun ri] kiltivatè gen lè'l tou.*

Gana : Savledi [Patisipan : toulède pou'm ta pran, ni lanmè pou lapèch la, san youn lòt la pa mache] [Tim : paka chwazi] ok m'gen yon bagay m'ta renmen konnen paske mesye a di gen lè lapèch la gen lè'l. M'ta renmen konnen chak kile Lapèch ? kile lapèch ?

#18 : *[Chak jou y'ale la, lapèch la pa gen lè !] gen de pafwa [Gana : nimewo'w la fòk ou dil] lè'm di'w, lè'm di'w sa, savledi gende pafwa lanmè a ka rete konsa la l'anvi pou'l ajite pa gen moun ki monte'l, m'pran ponya'm la m'al nan jaden m'al fouye'l pote vin bay ptit mwen manje.*

#5 : *Eee [Tim : kiyès ou pito ?] ee lapèch ! [Tim : Lapèch ?] rezon ki fè'm di'w la pèch, lanmè a li menm li gendwa fè twa jou li move apre sa w'ap monte'l ou kapab jwenn. E konsa tou li menm li di kiltivatè, solèy gendwa vin tiye jaden an epi'w met manje pa ganyen ditou [Piblik ri] sa rive anba la tout tan.*

Tim : Wa bay repons ?

#19 : *Wi!*

Tim : Ou pa gen repons!

#19: *M' pito jaden wi menyenm! Pafwa la lanmè a konn fè fokè avè'm la depi'm pran panye m'al nan jaden an la tout timoun mwen yo kontan ! [piblik ri]*

Tim : Ki nimewo'w ?

#17 : #17 *Mwen menm ah ! afè lamè a se lim renmen menm! M fè anpil kòb nan yon ti moman.*

Tim: Lamè?

#17: Wi !

#15: Mwen menm tou dabò m' konpare toude bagay yo menm fason paske, menm lè, tankou w'al nan lanmè a la ou vin avèk pwason an la tou dabò menmlè'w ta gen jaden bagay sa yo, ou gentan kouri ale ou bay pwason an ou vann anpi'w pran panye'w w'al nan jaden'w ou fouye bagay yo pou manje men'w te gentan kite pwason an pou etwaye pou lakay. Pwason an pou'w pote an grand kantite a li gendwa pa gentan vann, tankou pa egzanz machann nan gendwa achte'l kredi ou pa menm enstan an pou'w jwenn kòb pou'w achte lòt manje. Men depiw gen jaden an w'ap pi byen manje!

Tim: Èske gen? ou gen lòt...?

Gana: Non men... èske depandamman de janm wè y'ap pale a m' ta renmen konnen eee ki moman ke nou jwenn ke pèch la li pi bon e ki moman ke li mwens bon?

#19 : Bon isi a la pou nou menm, e sèl è lanmè a move li pa bon pou nou paske chak jou nou leve li bon pou nou nou menm.

#5 : Gon'w lòt bagay tou jan'w di a m'eseye konprann, a lepòk lontan m'potko fèt tou, m'te konn tandem ansyen yo toujou di ke lè pèch la konn bon se plis lè li rive nan peryòd bèl lanmè. lè'w rive nan mwad me, jen, jiyè ou jwenn plis rantab kotew jwenn bèl lanmè epi lè sa yo peche pwason an pi byen avèk tou mwad mas.

Natacha : Ok alò pou'm fè apwòch avèk sa Gana di a, Gana vle di kisa ? èske'm ka di janvye fevriye m'jwenn plis pwason ke mwad mas ? [#5 : ok] oubyen èske se fen desanm ? èske se nan jiyè m'ap prepare m'ap tann jiyè paske' m konnen ke lè lanmè a bèl m'ap jwenn anpil pwason [#5 : egzakteman !] men an mwa dout kou'm rive m'ap penpennen ? Men èske se chak mwa nou jwenn pwason nòmalman ? Menm kantite nou konn jwenn nan ?

#17 : Chak mwa nou jwenn pwason regilyèman ?

Natacha : regilyèman ?

#5 : Se sa'k fè'm toujou di'w se lè lanmè a move ou pa jwenn li pou le moman ou paka monte'l. Men depi'w wè'w kapab moute'l w'ap jwenn pwason.

#19 : E lè moman sa yo ou fè plis kout senn, e le moman mwad mas, mwad janvye, mwad septanm apre.. ti bagay ap bon anba anba.

Gana : Konbyen kòb yon moun kòmsi k'ap byen peche ka fè pa semèn konsa ?

#5 : Pa semèn e bon, jan'w di a tarif ke'm te kapab ba'w eee [Gana : pa jou pa semèn] pa jou pa semèn bon pou yon pechè tou li kapab ven o mwen mil goud pa jou eee m' kapab di pa semèn nan tou pechè gendwa fè mil dola pa semèn.

Natacha : Kòb sa lè'w fè'l ou mete'l nan pòch ou oubyen'w gon'w kote pou'w bay ladan?

#5 : Jiskaprezan ou konnen pechè a li menm se youn nan bêt ee ki rapid li gen pitit, li gen fanm, lè sa a li gen timoun lekòl li gen kay poul okipe epi fò'w bay fam tou lòt ti akseswa epi pechè a li menm li kapab gen lòt ti zanmi tou, fòl fè kò'l bél yon fason tou pou yo pa kritike'l .

Natacha : Nou pa ganyen nou bay nan asosiyasyon an ?

#5 : Wi asosiyasyon an li menm li gen materyèl, li gen chaloup DCP, depi'w wè moute'l yo toujou dwe asosiyasyon an yon pouvantaj ki se 30 pouzan [Natacha : nan saw jwenn nan ?] nan saw jwenn nan ! savledi ke si materyèl sa yo ta vin gon'w pwoblèm demen si dye ve pou asosiyasyon an kapab pran kòb li genyen yo nan kès li, pou'l kapab al achte lòt materyel pou mete'l ankò disponib pou pechè yo.

Natacha : Konbyen nan nou menm pechè la ki gen chaloup ? kòmsi bwafouye oubyen ti kannòt ?

#5 : Gen anpil pechè ! tout ti bwafouye ou wè atè a la tout se pou pechè.

Natacha : Nou menm tou, tankou nou menm la nou gen ti bwafouye nou ?

#5 : Men savledi ke chaloup asosiyasyon an se chaloup FOOD for the POOR jòn yo

Tim: Pifò pechè gen.. gen bwafouye?

#5: *Wi wi*

Tim: men m' pawè kannòt isit nan zòn nan ?

#5: *Kannòt yo, gon'w lòt gress bagay tou, pechè isi yo vin pa itilize kannòt yo ankò avè vwal, rezon an yo plis itilize kannòt ki gen motè avèk bwafouye pi piti yo ke yo ale pou pi rapid yo bay mwens kouray yo, yo pa itilize plis kannòt la pou yo rale chay yo.*

Tim: Ann imajine mwen gen yon chaloup la, nou al peche nou kenbe pwason, kijan ? Ann di se nou 2, ou menm a mwen nou al peche men se chaloup pam ! motè pam ! kijan nou divize sa nou kenbe ?

#19 : *Lè nou fin retire kòb gaz la, nou retire lajan pou'l lave, nou retire lajan motè lajan DCP a rès ki rete a nou separe'l ren pou ren !*

#5: *E pa sa'l di non, chaloup pa'w wi ?*

#19 : *chaloup la pou mwen ?*

Tim : Chaloup pou ou !

#19 : *Wi m' retire kòb chaloup la*

Tim : Konbyen kòb li ye ? ki pou santaj ?

#19 : *Si'm fè kat mil dola pa egzamp m' gen dwa retire mil dola pou li, m' retire mil dola pou li pou sil vin gon'w pwoblem.*

Tim : Ok ! yon ka ? Apre sa nou gen twa mil, nap divize twa mil lan !

#19 : *Rès twa mil lan m'ap divize'l avè'w !*

Gana : Ok men èske antre nou gen yon règ nan pèch la? Tankou antre nou menm nou konnen ke gen yon règ ? Pa egzamp gen kote si moun nan te lage senn li la, si moun nan lage senn li la ou konnen la se moun nan sèlman ki konn lage senn li la ou paka ou paka vin lage senn ou la tou. Èske nou gen règ konsa bò isit tou antre nou?

#17 : Pandan wap di sa tou gen règ konsa. Si moun nan gentan lage pa'l la'm te genyen m' pap al lage pa'm nan.

#5 : Jan'w di a pa bò isi jan'w di a te ka gen règ la men, sèl senn nan ki genyen lè wap pale de senn nan, sèl senn nan li ka fè sa'l vle, savledi ke si te gen 2, tap gen yon règleman lè youn ale apre sa'w juvenn yon lòt men savedi e de lòt kote estas ki genyen'l chak moun gen espas dirèkteman, isi yon sèl.

Natacha : Men tankou nou menm nou peche, se yon bagay nou vin renmen a lavni oubyen nou te tou renmen pechè nal peche ? oubyen nou te vle yon lòt bagay nou pat gen posiblité se pechè a nou vin ye ?

#5 : Mwen menm m' kapab di'w, depi'm leve timoun e manman'm te leve menm kote a papa'm, m' vin wè papa'm te konn ap kenbe pwason woz bèl pwason, epi apre sa anpil lòt moun pral nan lamè yap vini ak grand kantite de pwason, m'fè mawonyaj epi'm kite lekòl epi m'al peche tou. Sa'k pèmèt tou isi wap juvenn 90 poustan pechè, depi timoun nan leve kounya la pi fasilman l'al lekòl men'w toujou juvenn li al bò lanmè. Savledi ke isi, depi'w piti yo toujou di se Lapèch ki bay randman isi, anndan komin bonbon eben e sak fè nou fèl konsa !

Tim : Evre ?

Gana : Dakò !

Tim : ou menm 20 ?

Gana : #20 ou mèt... ou pa pale anpil non ?

Tim : [Piblik pale] Ou deside wap peche ? oubyen ou jis peche pou nesesite ?

#20 : bon mwen menm aveeèk lapèch m'lekòl, pandanm lekol m'sou kont papa'm a manmanm ap peye lekòl pou mwen, kounya la m' vin arrive, m' vin arrive gen mennaj pandan'm lekòl, kounya a mennaj la vin enfante pou mwen, kounya a m'kite afè lekòl m'al aprann lapèch la poum ka fè lajan pi vit !

#19 : [piblik pale] e.. manmanm, m'pa moun isit, men manmanm ki te sot pòtoprens ansanm avèm vin avèm isit bonbon ansanm avèm, lè'm leve m'pa gen moun kap bannm ! savledi se lanmè a m' wè'k bay m' lage'm nan lanmè a.

Tim : A Ki laj ou te genyen lèw te vini ?

#19 : Ti zwazo, ti tentenm m' pat konnen.

Piblik Ri.

Natacha : men si'w pat pechè ? kisa'w te swete ye ?

#19 : Bon, si tankou param te mete'm lekòl dabò e atis m' renmen mwen menm atis t'ap ye !

[Piblik tonbe pale, ri]

#18 : Mwen menm, lè'm konn peche , e pa pechè a m taaa, m ta renmen non, men malgre m'fè gon'w tigason m' gon'w tifi m' pata renmen tigason an konn peche m'al peche se pèch mizè'l ye, lè'w leve a minwi w'al nan lanmè w'ap vini a minwi ankò. Pèch sa'm pa tèlman renmen'l pou ptit mwen, savledi'm mete ptit mwen lekòl map ejeeee egjize'l pou'l konn yon bagay malgre mwen menm m' gon'w tifi la mwen menm l'al nan reto la jan'w wè a la m' ta renmen pou ti gason'm nan ta mache dèyèl pye pou pye men, domaj tigason an genlè gen san vagabon li pa vle kontinye pou'l ta yon bagay demen.

#31 : Etan m' te wè'w tap pale sou afè ti zangi a, mwen menm e ti zangi ki montre'm peche , nan epòk lè'm leve, manmman'm ak papa'm mete'm lekòl men, lè sa kasav te konn ap vann diskòb nan epòk sa a. Kounya Lè sa te konn gen anpil ti zangi, epi male m'kenbe, nan kenbe ti zangi, nou gen yon zen k'rele zakayi epi'm pran zakayi epi m'al nan ba, te gen yon gwo basen gwo rivyè kounya tache ti zangi kenbe gòlgì, yon pwason ki rele gòlgì epi'm tou elimine afè lekòl epi'm tonbe nan peche , pechè a m'soti gen sis ptit, m'gen senk a madanm mwen epi m'gen youn deyò. Men nan senk lan, sa'k fè reto fè'l, sak fini'l fini, epi e gras a lanmè a.

Tim : E ou menm?

#17 : Mwen menm se nimo 17...

Tim: Tann mesye a reponn!

#6: Depim piti depim fèt sot anndan vant manmanm, m'jwenn papam ap fè pèch te mete'm lekòl e mwen m' te pre lanmè a e'm te gen parenn mwen ki te renmenm anpil, li pat vle'm vin bò lanmè men akoz m' vin jwenn ti zanmi kamarad mwen, gende fwa n'al etidye bò lanmè a, nou menm nou desann sou wòch la n'ap gade mwen menm m' vin wè li bon pou mwen menm sa'k fè'm pa fini lekòl? M' te jwenn moun ki t'ap banm èd poum ta fini. Jounen jodia m' te ka monseyè, m' te ka pastè, m te ka predikatè. Men m'vin wè lanmè a bon pou mwen, m'kite lekòl la sa'k fèm vin rive nan sizyèm ane men aktyèlman pandan m'vin rive nan yon laj m' gen madanm m' vin gen responsabilite, sa'm fè premye pitit mwen m' pran'l mete'l lekòl aktyèlman men m' gen premye pitit mwen k'ap fini m' gen senk timoun aktyèlman la menm gen 2 aleksteryè nan pa nou yo k'ap fè reto grasadye m' mèt di'w se lanmè a gras a lanmè a avèk pòt granmèt la ki fè nou rive la !

Natcha : Ok!

Tim : 16, 17

#17 : Mwen menm #17, an swasannsis m' kite lekòl, m' gen mizè pou'm te kite lekòl, a lepòk yo te banwen, m te gen pwoblèm m' leve tif... pou'm leve ti frèm ak lajan lanmè m'leve tout frè a yo.

Natacha: Konbyen frè'w te genyen ?

#17 : Twa frè, mwen menm fè kat!

Tim : Ou te premye ? Ou te pi gran ?

#17 : Wi, wi an swasannsis

Natacha : Papa'w te konn peche tou ?

#17 : Wi papa'm te konn peche !

Natacha : Nimewooo 15 !

#15 : Bon men menm aktyèlman, m' sonw nèg ki leve pòtoprens manmanm t'ap viv avè'm pòtoprens, men pòtoprens m'devlope timoun m'al lekòl tou bagay sa yo. Men manman'm vin arrive, vin gon pwoblèm li di li pap rete pòtoprens ankò, kounya la di n'ap desann nan peyi'l pou'l vin abite nan peyi', l lè'l rive isi a avè'm kounya'l vin mete'm lekòl isi, kounya la menm m' kòmanse majè, mkonmanse kounya a m'wè tifi pandan'm lekòl m' vin kòmanse nan koze bagay sa yo epi lòt tandé m' vin gen yon ti mennaj ki gen menm laj avèm pati bò manmzèl gen kenzan mwen'm gen sèzan kounya la nan jwèt, jwèt kounya la m' tou vin antrave, lè'm vin antrave paran fi a vin lage nan kò'm kounya la pou yo te marye kounya la m' vin lage, pandanm lage m'al pòtoprens kounya'm vin tounen vin isi kounya pandan'm vin tounen vin isi kounya m' vin tonbe pran responsab fi kounya m' tou chache dlo sa Bondye mete a kounya a m'pran fî'm m'al degaje'm pou'm ka okipe timoun yo.

Natacha: okeee, si sa ta rive [: gon lòt moun la, gon'w lòt nimewo, 26]

Tim: Ou mèt pale wi!

#26: Bon mwen mem, manman'm te voye'm pòtoprens pou'm t'al aprann lekòl, lè'm rive pòtoprens m' te pèdi [Piblik ri] vini'm vin vini mwen menm, m' te pran pòz granmoun mwen, m' wè lanmè a m' te ka fè e li'm aprann mwen menm.

#31: Nimewo 31 banm ajoutonw bagay, tankou eee lè nou di papa'n sot pechè e sak fè nou sot pechè e pa vre ditou. Tout moun aprann sa'w renmen ! Mwen menm m'gen kat gason. m'pa gen youn ki konn sa'k rele voye yon lim nan lanmè a! savledi, nan lè sa aa mwen te leve a mwen menm, m' granmoun pase yo e mwen'k fè yo ! M' wè m' vin pase twòp mizè m' pata vle pitit pa'm pase mizè konsa! M'oblje pran yo, m'kenbe yo di, m'jennen yo, si yo ta wè ee m'te konn gen anpil kalo nan epòk lè'm tap peche si yo ta paret sou tet fò an la voye yo ta wè kannòt la kap vini sou tèt fò a la, ou tandé yo di gad kot papa'm ap vini yo paka kite'm jwenn yo la, savledi fò'm gentan jwenn yo lakay la. Eben e sak pèmèt m' pa gen youn ki soti pechè, pa gen youn ki soti pechè ditou. Eben e sak fè lè pa egzanp yo di moun gade moun, eben moun pa gate moun, ou vle gate tèt ou poukò'w ou gate tèt ou w' paka di e moun. E sa'k fè menmenm m' paka di e papa'm, papa'm e gwo pechè'l te ye men e pa san papa'm ki fè'm pechè. Savledi pechè a son'w bagay natirèl ke'l ye ou gendwa renmen'l ou chwazi peche'w peche ! si'w pa chwazi peche'w pap peche !

Natacha : Ok si sa ta rive yon òga, yon òganizasyon kit li se leta kit li se prive ta vin nan bonbon epi'l ta reyini tout pechè sa yo la, epi'l ta di nou « pechè nan bonbon ki pi gwo pwoblèm nou genyen nan bonbon ? nan pèch ? e kisa nou ta pi renmen kòmsi pou yo ta fè pou nou ? »

#31 : Se sa'k fè menmsi leta ta vini n'ap toujou di sa, e vrèman apre de lapèch pa ganyen bonbon ki fè nan bonbon.

Tim : Men kisa ou ta ki pou... ?

#31 : Eeee men ban'm di'w ! Kèlkeswa, menmsi moun nan pa pechè, menmsi moun nan pa machann, ou gendwa ee fè wonn lari a w'ap mennen ankèt sou sa tout moun nap di'w e pechè a la marin nan paske apre de pechè, moun nan li menm li gen boutik la, li vann diri l' vann lwil li vann tout bagay ! si lanmè a gwo la moun nan pap ka vann menm yon demi mamit non, sa vle... savledi fwi sa yo pap vann ! savledi se pechè a ranstre kòb anndan komin nan, epi tout moun ki pa pechè soti ranstre kòb tou paske, lè madanm pechè a voye al achte oswa pechè a voye achte ou mèt fè tout saw genyen fòl vann !

Natacha : [Tim : Banm poze'w kesyon defo] Ki ankadreman pechè nan bonbon ta renmen jwenn ? Swa leta oubyen òganizasyon prive ? ki ankadreman ? Kisa nou ta renmen jwenn ?

Tim : Kisa ? Si'w te ka di'l yon bagay k'ap ede'w nan lapèch? Yon sèl bagay, yon sèl pwoblèm ki ka rezoud, ki t'ap edew vann, kisa t'ap ede'w fè kòb kòm yon pechè ?

#31 : eee Yon pechè, èske tankou son'w bagay nou te kab mande ? nou te kab di ? nou te kapab mande tankou pou ta ede pechè a pi plis ?

Tim : Wi ! imajine'w se pa ofri nap ofri nou, imajine'w !

#31 : Non non ! se kòmsa'm mete'l, savledi jan'w wè a se di'l. Savledi ee nou menm pa bò isi, pa gen moun ki fè lòt enn aktivite

Tim : Nou konprann sa men ! èske se Kòmsi ou genyen chaloup ?

#31 : Wè

Tim : Ok ! ou t'ap mande chaloup ankò ? [#31 : wi] ou t'ap mande DCP ? ou t'ap mande chanm fwad ?

#31 : M'tap mande DCP, motè, chanm fwad ! chaloup.

Tim : Men ou paka mande tout tou !

#31 : Non ! savledi nou gendwa mande sa, sa nou wè yo ka ofri nou yo bannou'l !

Tim : Zen nat ?

#31 : wi Wi lin lin....

Tim : kòman nou pakab pran tout.

Piblik: Sa yo ban nou nap pran..

Natacha : wi men kisa'n ta renmen pou yo fè pou nou ?

#31 : Kisa'n ta renmen pou yo fè pou nou ?

#5 : wi DCP nou ta renmen pou yo fèn kado.

Tim : DCP pap dire lontan tou non? li kapab dire dezan, twazan bagay konsa ?

#26 : E konsa tou li ka pa fè menm dejou menm !

#31 : [Piblik pale anpil] Gon'w lòt bagay ki frape lesprim, gon lòt bagay ki sòti nan lesprim poun eseye konprann, bon m'gentan eseye konprann kote'n ye. Ee silans non mesye ! m'gentan eseye konprann kote'n ye, sa'n di a trè zenpòtan m'eseye konprann. eeJan nèg yo te di a vrèman lè lamè a move yo pa jwenn bagay, men sa kap pi bon pou nou tou antanke pechè ! Elvaj la ap pi bon pou nou tou antanke pechè, Nou ta dwe gen elvaj tou lè lamè a move, lèn pa al nan lamè nou ta dwe konsidere yon elvav !

#26 : eben Elvaj la... elvaj la bon tou !, nou ka achte DCP a, yo ka fè'n kado DCP a nou tann li, nou ka fon dezan tou e konsa tou nou ka paka fon'w jou bato pasel koupel sa son gwo pèd li ye e konsa tou men si'n gen kòd bét la la nal chanjel tanzantan li ka ede'n ak pitit nou demen si dye vle

#31 : Eben e sa wi, elvaj pou'w di ! yon sèl fason.

#19 : Dabò mwen menm m' pi pito bêt la m' ka achte kabrit, kochon !

Tim : Ok e 18 ?

#18 : Mwenm pi pito bêt la wi!

Tim: E ou menm?

#16: Mwen menm, sa'm ta renmen sa'k nesesè pou nou, pafwa machann yo lè yo gen pwason an, pwason an ap pouri nan men yo m ta renmen sa'k nesesè pou yo fè'n kado, yon chanm fwad pou lè lanmè a move lè lanmè a bèle gen anpil pwason poun met pwason nan chanm fwad la lè lanmè a move pou machan yo jwenn konsève pou al jeremi

Tim: Non non! Junior ap reponn kisa ou t'ap fè ?

#31: Wi yon bèl kesyon misye di paske m' ta prefere chanm fwad la

Tim: Ok ! e ou menm?

#17: Wi m' ta kontan chanm fwad la tou wi.

Tim : E ou menm 15 ?

#15 : Mwen m' sou menm domèn avèk nèg yo paske chanm fwad la li tap très zenpòtan pou nou

Tim : Ok ! e 17 ki te pale avan

Gana : Savledi nou konsidere lapèch

Tim : wi men gen yon mwatye ki konsidere elvaj la

#5: Sak fè'm pa fin wè chanm fwad la, paske'm gen lòt gran ki di'm sa chanm fwad la son'w bagay ki koute, anpil lajan lèfini son'w bagay eee ki domestik a teknisyen ki ladan'l. e Prèske chak lap mache fòk teknisyen an toujou ladan [Tim: Wè se vre... se

vre..fò'w gen teknisyen] savledi li koute anpil anpil lajan. Yo te ofri'm li déjà savledi ke chak ONG ki vini ofri nou chanm fwad, anyen pa janm mache savledi ke akoz de kòb li vin koute. Sak fè mwen menm m' te vin eseje konprann, m' vin wè kote nou ye m' pi pito elvaj antanke pechè. Rezon...

Tim: Si'w ta gen...? Si ta genyen yon chanm fwad ki mache san pou san ? san pwoblèm, garanti, ou pito chanm fwad?

#5: Chanm fwad la?

Tim: Wi! Si'w gen garanti l'ap mache? Pap janm pran pàn ?

#5 : Bon li paka pa pran pàn, li paka pa pran pàn !

[Piblik tonbe ri]

Tim : Non mjis diw, non non m'dakò rapid sa son'w gwo pwoblèm !

#5 : Non pwoblèm diferan, paske son dèlko kap mache ladann le pli souvan li gendwa gon'w bagay li ka kozon'w pwoblèm !

Gana : Se yon fason pou'n ka konnen èske preferans ou l'ap toujou rete pou lapèch oubyen preferans ou prale de yon lòt domèn ? Sa'm bezwen konnen èske ou toujou prefere lapèch kèlkeswa sikontans ? ou dimwens èske w'ap prefere elvaj ?

#5 : Sak fè'm di elvaj la paske elvaj la trè zenpòtan pou nou. Gen de moman an lanmè a gendwa vin move nou fè lòt kalkil tou, pechè a li menm ki gen elvaj la, lap fè a elvaj la vin fè pitit, lè sa pechè a kapab sipòte sou elvaj la.

#31 : M' pa janm kontan elvaj la, sa'k fè sa ? Mwen wè yon pati kabrit yo fèk bay la yo mouri len aprè lòt. Mwen pran yo depi nan zòn nò, depi nan zòn en sid pou yo rive avèk yo nan Grandans la sèl fraka yo pran dèyè machin nan paka reziste yo ! Savledi lè moun nan di'w elvaj la epa isi y'ap achte bêt yo ! se menm ka a ! Kounya gon'w pati kabrit m' wè yo bay la bon menm si yo vann youn la pou ven dola menmsi yo mouri yo la pa gen moun ki manje yo se tere yo tere yo . Savledi m'paka nan elvaj e dabò e pa pou'w di e kòb la yo pral bòw pou yo di'w enh al achte. Savledi e avèk bêt la y'ap vini y'ap pote'l bawou epi bêt la fin pase tout mizè jiskan'l mouri. Mwen menm m' sipoze

chanm fwad la pa gen yon motè k'ap mache ki pa gen teknisyen, fò'l gen teknisyen! M'pa wè yo pa gen teknisyen men, elvaj la m pa janm asepte'l non mwen ! Paske elvaj la pa bon !

#16 : Nan mare bêt yo, gen anpil bagay ! [#31: Men,m manje yo paka manje] menm manje yo pakab manje.

#16: Si yo bay kat san laa, bon pa rete san (100) pa rete senkant (50), tout mouri !

#18: Men gende moun yo bay bêt la tou li pa gen kote pou marel non. [Piblik diskite] li pa gen kote monchè !

Piblik :Se pa vre monchè ! Gnyen se mò yo ye... genyen se timoun yo ye...

Tim : Eben nap fini eee, ou gen lòt kesyon ?

Gana : ok ! ee m'gon'w dènye kesyon... ee m'gon'w dènye kesyon [Tim: Dam nan li menm li gen yon lòt kesyon..] M' bezwen konnen èske, kòm bò isi a nou menm nou peche zangi pa vre ? m' ta renmen konnen èske ant zangi an avèk pèch nòmal, pwason nòmal lan, kisa ki pi rantab bò isit lan pou nou ?

#31: Sa ki pi rantab bò isi a [Gana : sa ki bay plis kòb] pwason an bay plis kòb!

#26: Zangi a gen lè li kanpe li menm men pwason an pa janm kanpe.

#17: Pwason an la pou tout tan pou jis li mouri pwason an toujou la.

Natacha : E sèl nan nwit nou peche ? sèl nan nwit ?

#19 : Zangi a sèl nan nwit!

#19 : Sèl nan nwit, M pè dlo frèt la lè swa mwen menm sèl nan lin mwen m' voye frè'm, sèl lin mwen ! Paske gon'w lè jenou yo pral gwo !

#17: si se pou dlo frèt la mpa prale ditou..

Natacha : Gen yon diferans ant lim nan avèk nas la ? se de bagay diferan ?

Piblik : Wi de bagay diferan.

Natacha : lin nan pi piti ke nas ?

#5 dirèkteman !

#31 : Nas la se yon bagay li pa men ak lin li ye.

Natacha : Ok ! Men lè'w mete lin nan ou pran yon sèl pwason?

#31: Si te gen nas la m' tap montre'w li, bon tankou banbou sa a e nas li pral trese avèk yo la..

Natacha : Ou pran yon sèl gress pwason lè'w jete lin nan ?

Piblik : Wi... non. Pale...

#5 : Nas la e tankou yon kalòj li ye, ou met yon kod ladanl ou file'l desann anba lanmè a, ou met manje nan kalòj la savledi ke'l konsève manje a pwason an li menm sot kote'l soti li antre ladan'l lè saaa apre dòmi de twa jou si moun nan vle l'al pran nas la'l level apre sa li ranbouse tout pwason ki nan nas la li vide'l.

#5 : Zen an li menm se yonn, janw wè yo te montre'w brè a yo mete yon manje ladan'l ki soti yon ti pwason piti, yo file'l anba lanmè, ou kapab file'l epi pran yon gress pwason. Men nas la li menm li kapab pran nenpòt... nenpòt san ti gress pwason mwayèn desan tou desan senkant, konsa tou li gendwa pa pran tou.

Gana : M' ta renmen konnen apa pèch pwason ke nou fè bò isit lan, èske gen lòt moun ki fè espesifikman lòt pèch lòt pèch. Tankou gen moun ki di se oma sèlman'l peche , se ee lanbi sèlman li peche èske gen moun ki fè pèch saa yo la ? Tankou ki fè pèch oma pèch lanbi espesyalman ?

#5 : filè lanbi ee gen de o twa moun ki fè l pa bò isit men pèch oma ou kapab jwenn nas la ki tankou kalòj la ou kapab pran plizyè oma ladan'l e konsa tou yo tann filè lanbi a tou yo pran plizyè ladan men savledi e pa yon pèch yo fè le plis souvan konsa. E pafwa konsa moun nan rete li tann li tankou'm te ka di'w li pran oma li pran lanbi li mele. Pa

gonw filè espesyal pou oma, pa gon filè espesyal pou lanbi se zòn Dam-Mari ou jwenn filè oma ou jwenn filè lanbi. E konsa.

Natacha : Eben nou di mèsi anpil, pou ti pale antre nou fè antre nou menm, nou chanje anpil ide nou te poze kesyon nou reponn. Alò gen bagay nou pat konnen, nou konnen alèd de ou menm, alèd de repons ou ou bay. Eben nou gen nimewo telefòn nou, si ta gen lòt kesyon nap toujou ka rele'w an dirèk nou pale ansanm avè'w n'ap toujou pale ansanm avè'w poze'w kesyon nou menm nou bezwen konn repons yo nou ka toujou fè sa bon eee...[Gana : Pat gen pechè fi nan mitan nou ?] gen fi ki konn peche avèk nou sou kannòt yo ?

Piblik : non !

#19 : Tankou la, on nèg gendwa pran madanm ou monte sou kannòt la w'al lage ti blag avèl tankou w'al montre'l lavi a, mizè w'ap pase pou'l pa pran nèg sou ou. [Piblik rij] Di wè kote'm mennen'w wè kote m'ap pase mizè epi lè'm pala w'ap plede mennen nèg nan kay mwen an ? ou konprann ?

Gana : Ok mèsiiiii !!!